

EVALYASYON TRETMAN ASISTE POU PASYAN KI PA ENTÈNE (ASSISTED OUTPATIENT TREATMENT, AOT) NAN ETA NEW YORK

KIYÈS NOU YE?



Human Services
Research Institute

Enstiti Rechèch konsènan Sèvis Sosyal (Human Services Research Institute, HSRI) se yon òganizasyon sosyal ki bay sèvis rechèch ak asistans teknik pou kapab devlope epi fòme sistèm sante a ak sèvis sosyal yo yon fason pou yo ka reyaktif.



University of
Pittsburgh

School of
Social Work

PathLab ki nan Inivèsite Pittsburgh la, se chèchè Doktè Nev Jones k ap dirije l. Li apiye sou eksperyans pèsonèl li pou l ka etidye eksperyans moun ki gen twoub mantal grav yo.



Office of
Mental Health

Biwo Sante Mantal Eta New York (New York State Office of Mental Health, OMH) la mete l ansanm ak HSRI epi PathLab pou evalye politik ak rezulta Tretman Asiste pou Pasyan ki pa Entène (Assisted Outpatient Treatment, AOT) yo atravè eta a.



KONSÈNAN ETID NOU AN

POUKISA POU NOU FÈ YON ETID?

- Sa fè 10 lane depi AOT te reyalize dènye evalyasyon li a - li nesesè pou yo fè yon etid pou aktyalize l.
- Se yon preyorite pou desidè politik etatik epi lokal yo ak kominate AOT ap bay sèvis yo pou yo konprann kouman sistèm li an fonksyone.

SA NOU PRAL ETIDYE

- Sistèm ak pwosesis AOT yo: inisyasyon petisyon an, odyans ak pwosedi jidisyè yo, sèvis obligatwa epi ekip sipèvizon yo
- Lyen ant sistèm AOT a ak lòt sistèm sèvis sante ak sosyal yo, ansanm ak swen sante yo, lojman, sistèm jidisyè penal la, sèvis pou moun ki aje yo ak sèvis pou moun ki gen andikap yo

KESYON RECHÈCH NOU YO

- Ki objektif AOT epi ki itilite l?
- Kòman AOT fonksyone nan diferan Konte nan Eta New York la?
- Ki eksperyans moun ki nan AOT yo ap fè?
- Ki enpak AOT genyen sou moun, fanmi, ak kominate yo,

KISA NOU PRAL FÈ?

- Pale ak moun yo anba òdonans AOT epi pale ak pwòch yo konsènan eksperyans yo ak pwosesis epi sèvis jidisyè yo
- Rankontre ak yon seri responsab nan sante konpòtmantal, defansè sante mantal, pwofesonèl sèvis ak administratè sistèm nan pou dekouvri kòman yo itilize AOT nan konte yo atravè eta a
- Egzaminen done sou karakteristik Kominote a, kalite sèvis yo ak sistèm nan
- Angaje moun ki te déjà fè eksperyans ak AOT yo yon fason pou entegre fidbak kominate a pandan evalyasyon an
- Prezante rezulta premye rezulta yo bay publik la nan mitan ane 2026